# ГЬУДУЛЛЪИ
## РУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 13-14 (10179-10180) | 5 марта | Рузман | 2021 сон


# Ихдалил байрамгун, хирияо ручччаби!




## ХIурматиял районцоял ручччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда Халкъазда гьоркьосеб ручччабазул къо 8 Март.

Микьабилеб март-гьеб ккола ихдалил, къасдазул, рохалилаб асаралъул ва, узухъда, бищунго гьайбатал ва хIеренал ручччабазул байрам. Гьаб гьайбатаб къоялъ рес кьолеб буго цоги нухалъ баркалаялъул рагIаби абизе киналго ручччабазе гьезул хIеренлъиялъухъ, тIалабагъазалъухъ ва рахъкквеялъухъ, къойилго, гьоркьоса къотIичIого гьез кьолеб рекIел хинлъиялъухъ.

ТIабигIаталъ чIужугIаданалъе кьун буго гьайбатаб берцинлъиги, рагIа-ракьан гьечIеб къуватги, рекIел хIеренлъиги, гIорхъи гьечIеб мутIигIлъиги, гьваридаб гIумру лъайги, гIажаибаб сабруги. Гьанжесеб гIумрудул хIалуциналъулъ нужеда бажарулеб буго хъизан цIунизеги, профессионалиял ва общественниял ишазулъ лъикIал хIасилал рихьизаризеги. Аслияб бакI нужеца ккола лъималазе ва гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ. Нужер мисал чара гьечIеб буго гIолохъанаб гIелалъе.

Хасаб адаб-хIурмат лъимал гIемерал улбузе. Гьеб буго гьунар, унго-унгояб бахIарчилъи ва нилъеца киназго адаб-хIурмат гьабизе ккола гьединал улбузул.

ХIурматиял ручччаби!

Хириял улбул, лъудби, ясал, яцал ва кIодоэбелал! Биччанте гьаб ихдалил къоялъ сайгъат гьабизе нужее тIугьдузул ралъад, хIеренаб гьими. Гьарула нужее щулияб сахлъи, хъизаналдаса рохараб рахIатаб гIумру ва гIорхъи гьечIеб талихI.

**Адаб-хIурматгун, районалъул бетIер**
**Руслан ХIамзатов.**

Халкъалъул баркалаялъе мустахIикълъарал

# АМИНАТИДАСА РАЗИ РУГО



Тохтирасул хъахIаб халгIатги ретIун, унтаразе хъулухъ гьабулей жийго йикIунаан Аминатил анищазулъ гьитIинаб къоялдаса нахъе цее чIун.

Гьеб анищги къо анагIан цIикIкIунеб букIана балугълъуде яхинчIей ясалъул районалъул больницаялда хIалтIула йигей жиндирго эбелалъул хIалтIи бихьунги. Щакъго бокьулаан гьелъие эбелалъул хIалтIуда хадуб хал кквезе. ГьитIинаб къоялдасаго унтаразе хIалае яхъине гIедерай эбелалъ куцарай Аминатилги щулияб къасд ккола гIадамазе хъулухъалъе, гьезул унти тIаса босиялъе жиндирго тIолабго гIумру сайгъат гьабизе. Абиги гьечIищха «лъималаз малъараб гуреб, бихьараб босулилан». Уяб батана гьаб нухалъги гьеб аби. Муни росдал гьоркьохъеб школа лъугIигун, Аминат цIализе уна ДГМИялде.

Гьединан тIубала махщел щвеялде ясалъул букIараб мурад. Дир тIолабго гIумру гIадамазул сахлъиялъул хьаравуллъуда абураб пикругун ва щулияб къотIигун 2011 соналъ Аминат хIалтIизе лъугьана Муни росдал ФАПалде участкалъул терапевтлъун.

Кинаб хIалалдаха батараб ва бугеб росдал гIадамазул сахлъиялъул ишин гьикъидал Аминатица жаваб гьабуна -давлениялъ тIагIам бахъун бугин росдал гIадамазул, хасго харабазул абун. Руго ракIалъул унтиялъ рахIат бахъаралги. Дирго хIалтIул бакIлъи щибго гьечIо, гIицIго гIадамазул унти тIаса босиялъе ургъел гурони. Дидаго тIадаб хIалтIи гьабизе дица хIаракат бахъула,-ян бицуней Аминат йикIадго жаниве вачIана МухIамад Шарукъадиев. ГIенеккея, дица бицина гьелъул хIакъалъулъ,-ян абуна гьес.

Жийго намусай яс йикIиналъ Аминатица бицине гьечIо сордо-къо лъачIого жинцаго гьабулеб хIалтIул.

Чанги сардилъгицин уна ниж, гьай ясалъул макьил тIагIамги хвезабун, дару гьабеян ахIи бан. Жеги цоники нухалъ регIун гьечIилан, хIалтIул заман лъугьанилан рази гьечIолъиялъул гIаламат гьалъул гьурмада бихьичIо. БитIараб бицун абуни, гьаб росуго буго гьай ясалъул бадибеги балагьун,-ян жиндирго разилъи загьир гьабуна гьес. Унтарасул мацIалда гьоцIо гIадин гьуинлъун буго Аминатил цIар гьелъиеги дун мукIурлъана МухIамад нахъе ун заманго баледе давление борцине ячIарай Сакинатил хабаралъ.-Дуца гурищ, газеталда хьвай-ян дида тIаде лъугьана Сакинат, Аминатихъе давление борцине гьежги бегьулаго.

Муни росдал гIадамал кутакалдаса рази ругин, гьимун гурони кIалъаларей, кида ахIаниги хIалае хIадурго ятулей, бокьараб заманаялъ дару гьабулей, гьечIони балагьулей, унго-унголъунги Муни росдал гIадамазул сахлъи цIунулей хьаравул, хъахIаб халгIат ретIарай нижер хIурулгIиналдаса-ян. Сакинатил мацI пассихIлъун гурони лъалхъине хиялго букIинчIо.

Бихьулеб букIана Аминатил гьурмада намусаб гьимиялъ пардав рехун букIин. Ва гьей ясалъе бокьун букIинчIо газеталда жий ещцун макъала лъезеги. Амма тохтирасе кьимат кьейги, гьесул хIакъалъулъ рагIи абиги унтаразда бараб букIуна кидаго. Гьединлъидал, "Гьудуллъи" газеталъги 8 Мартги баркун гьелъул росуцоязул мурадги тIубан газеталда хьвана, хIакъикъаталдаги унтаразул рокьуеги, баркалаялъеги мустахIикълъарай Муни росулъа участкалъул терапевт Аминат МухIамадовалъул хIакъалъулъ.

Аллагьас нилъеда гьоркьор цIикIкIаги хъахIаб халгIаталда тIанкIги лъечIел унтаразул божилъиги цIикIкIарал, баркалаялъеги мустахIикъал, унго-унголъунги сахлъиялъе сабаблъунги ритIарал, Аминатго гIадал тохтирзаби.

**З. МухIамадова.**



# УЛБУЗ БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

ПатIимат Шамхаловналъ нухмалъи гьабулеб Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабаз цIалдохъабазе гьваридаб лъай кьей гуребги, тарбия кьеялдеги кIудияб кIвар буссинабулеб буго. Куцалел руго чIахIияб гIелалъул адаб гьабулел, гьезул къадру борхизабулел лъимал. Гьезулъ рахIму-цIобалъулаб пикру бижизабиялде кьолеб буго хасаб кIвар.

Гьединаб хIалтIи мугIалимзабаздаса тIалаб гьабула ПатIиматица.

Гьединайлъун гьей йикIиналъ кIудияб къадру-къимат буго гьелъул школалъул коллективалда гьоркьобги. Гьединго цIалдохъабазул эбел-инсуцаги ихдалил байрам 8 Мартги баркулаго, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ПатIимат Шамхаловналъе ва жидер лъималазе гьваридаб лъайги лъикIаб тарбияги кьолел мугIалимзабазе: Загьра НурмухIамадовалъе, Загьра ХIусеновалъе, ПатIимат МухIамадовалъе, Загьра МухIамадовналъе, Ума МухIамадовналъе, Нурбика МухIамадовналъе.

Цо-цо лъугьа-бахьин букIуна чанцIул тIад руссун бицаниги, хьваниги, жиндир кIвар цIикIкIун гурони, къимат холареб. Лъалеб букIахьего, учителасул хIалтIи рикIкIуна бищунго захIматаздаса цояблъун. Гьелъие къваригIуна хIакъикъаталдаги жидерго хIалтIуде хIисаб гьечIого рокьи бергьарал, тIабигIаталъ гьунар кьурал махщелчагIи.

Гьарула нужее нужер бищунго хIурматияб, бищунго ракълилаб, бищунго жавабияб хIалтIулъ гвангъарал бергьенлъаби.

*Гьаб микьабилеб март -ихдалил байрам,*
*Биччанте бачIине талихI-рохелгун*
*Берцинал тIугьдулги гьаб чIаголъиги*
*ЧIалгIен буссиналъе букIа сабаблъун.*

*Лъаялде гIащикъал цIалдохъабиги*
*Адаб рехуларел выпускникалги*
*Нужер захIматалъул къимат цIунарал*
*Кидаго ратаги нужеда аскIор.*

**Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул улбул.**

# АВАР КАЛАМ




Халкъалъул хвел гьечIолъи буго гьелъул мацIалъулъ.
Ч.Т. Айтматов.

Халкъалъул бищунго кIудияб бечелъи-мацI.
Аза-азар соназ данде гьабураб, инсанасул пикруялъул ва хIалбихьиялъул рикIкIун хIал кIолареб хазина, даимго цIунун хутIула рагIулъ.
М.А. Шолохов.

Щиб биcаниги, рахьдал мацI кидаго хутIула рахьдал мацIлъун.
Л.Н. Толстой.

Аваразул пашманлъи авар мацI лъачIел лъимал
МацI-миллаталъул паспорт
Умумузул аби

Рахьдал мацIалдехун кIвар гьечIев чи,-гьев ккола жагьилчи. МацIалдехун ургъел гьечIолъи ккола жиндирго халкъалъул аралъулги, гьанжеселъулги, букIинеселъулги ургъел гьечIолъилъун.
К.Г. Паустовский

## МАЦIАЗЕ ВА МАДАНИЯТАЛЪЕ ХIИНКЪИ БУГО

ЮНЕСКОялъул генералияб конференциялъул 30-абилеб сессиялда гьабураб хIукмуялда рекъон, 21 февраль рагIинабун буго рахьдал мацIазул къолъун. Дунялалда 6000-ялде гIагарун мацI батани, ахирал баяназда рекъон, гьезул бащададздаса цIикIкIарал руго холел, гьоркьоса тIагIунел мацIал. Гьелго баяназда рекъон, цо сордо-къоялда жаниб холеб буго кIиго мацI.

КигIанго нилъее бокьичIониги, хIурматиял магIарулал, холезда гьоркьоб рикIкIине бегьула нилъер магIарул мацIги.

ЮНЕСКОялъ цо къо гуреб, лъагIалида жаниб 365 къо рахьдал мацIалъул къоялъун рагIине гьаруниги щиб, магIарулаз жидерго гъасда гIурус мацI бицунеб мехалъ.

РокъобгIисинлъималазгIурус мацI бицин берцин бихьулеб буго эбел-инсуда. Гьеб рохизе гуреб, пашманлъизе кколеб жо буго. ГIурус мацI лъачIого хутIуларо, лъачIого хутIизе бегьула магIарул мацI, школаздаги малъичIони, эбел-инсуца рокъобги бицичIони, сверухъ рагIулебги цIикIкIарасеб гIурус калам бугони, магIарул мацI гьоркьосанго тIагIиналъе хIинкъи буго.

Ясли-ахаздасан байбихьун, районалда тIоритIулел киналго тадбиралги гIурус мацIалда руго. Ургъани, лъималазда магIарул мацI лъачIолъиялъе гIайибияллъун нилъго кколел гьечIодайха!?

"МацIги адабиятги-миллаталъул аслу"-абураб тIехьалъул цебергIиялда, гьелъул автор, филологиял гIелмабазул доктор, профессор, МагIарулазул миллиябгун культурияб автономиялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас магIарул мацIалъул жакъасеб ахIвал-хIалалда хурхун гьадин хъвалеб буго:

**Ахираб заманалда лъалаго цIикIкIана жидерго мацIалдехун, умумузул гIадатаздехун, маданияталдехун гIадамазул бербалагьи. Гьеб бичIчIулеб жоги буго: магIишат гьабиялъе магIарухъ ругел шартIалги квешлъанагIан, ресалги къанагIатлъанагIан, гIадамал хIажаталлъун кколел руго, росабиги рехун тун, гIатIиракьалде гочине. Гьелъ гIадамал тIезарулел руго гIагарлъиялдаса, росу-ракьалдаса гурebги, ругьунаб рухIияб дунялалдаса-мацIалдаса, адабияталдаса, хьвадачIвадиялъулкъагIидабаздаса.**

**Рехсараб рахIатхвеялъул бицуна газетазгун журналаз, радиоялъгун телевизоралъ нилъер халкъазул мацIал, миллияб маданият цIуни ва гьел церетIеялда хурхарал суалал ризго ва бегIерго цере лъолел рукIиналъ.**

**ГIисинал миллатазул мацIазеги маданияталъеги бугеб хIинкъи сон-жакъа бижараб яги цохIо нилъер гьаниб баккараб суал гуро. Цо-цо пачалихъазда гьеб хIалалдаса рорчIиялъе нухалгицин ратун руго. Гьединазул цояб ккола шагьаразда миллиял школал яги миллиял классал гIуцIи.**

**БатIайиса абуни, мацIал, адабият, маданият лъазаби гIумруялдехун хурхенго гьечIеб иш гуро. Гьелъие нугIлъи гьабула, цо-цо кьучIго гьечIел масъалабиги цере лъун, халкъалъул рахъалдасан кIалъалел ругилан-ги абун, жидерго хасал мурадал тIуразаризе лъугьарал чагIи рукIиналъги. Ахираб заманалда, цо-цо гьединал гIадамал лъугьун руго жидер росабазул мацIазе магIарул мацIалъ квал-квал гьабулеб бугин, жал магIарулал кколарин, батIияб миллаталъул чагIи ругилан ургъун рахъарал, кинабгIаги гIелмияб кьучI гьечIел «теорияби» цере лъезе. ГIадамазда гьоркьоб хIажат гьечIеб рикьи, жахIда ккезаби гуребги, гьединал харбаз нилъер миллаталъул ва мацIалъул бугеб хIал тIадеги квешлъизабиялде рачуна.**

**Гьебго заманалда цо-цоязухъ гIенеккараб мехалда ракIалде ккола, гьабурабги гьабулеб бугебги хIалтIи бихьизе бокьуларого, кинабго какизе лъугьун гьечIодай гьелилан. Нилъер гIалимзаби хIалтIулел руго жидер хъвай-хъвагIай гьечIел мацIал лъазариялда, гьел мацIазул словарал хIадур гьариялда тIад. Амма цо-цоязда «кIочонеб» буго цебеккун гьединаб хIалтIи лъицаниги ва киданиги гьабун букIинчIолъи.**

ХI.ХIасанхIажиев

ЖАКЪАСЕБ КЪОЯЛЪУЛ КЪВАРИДАБ САРИН

# ТIАГIИНЕХЪИН БУГО РАХЬДАЛ МАЦI




*Жакъа дида дандчIвана гIурус мацIалда гаргадулаго рачIунел кIиго гIолилал.*

*Дица гьел лъалхъизаруна ва гьезда гьикъана, квешги бихьугейин, гIурус мацIалъ щайин нуж гаргадулел ругел? абун. Гьезул цоялъ абуна магIарул мацIалда жиндирго пикру загьир гьабизе жиндие захIмалъулеб бугилан.*

*-магIарул мацI цIакъго мискинаб бугилан, тIад рекъезабуна гьалмагъалъги.*

*Гьебги гьез абуна гIурус мацIалда.*

*ХантIан дида ракIалде рачIана гьал рагIаби:*
*Гьаб рахьдал мацIалъул берцинлъи лъазе,*
*Цо нухалъ ракI унтун "Эбелин" ахIе!*
*Авар каламалъул къуват бичIчIизе,*
*Дурго умумузул асарал цIале!*
*Кинидахъ ахIулел хIасратал кучIдуз*
*Керен бухIичIесда гьеб бичIчIуларо*
*Дица гьел ясалазда цIехана:*

*Нужер пикрулда рекъон, хIажат бугищ магIарул мацI? Гьез дие цо кIалдиса гIадин жаваб кьуна : "ГьечIин".*

*Гьединаб жаваб дие кьуна дандчIварал чанго гIолил васалгун ясаз.*

*Гьениса дун ана районалъул централияб библиотекалде.*

**-Хадижат, магIарул тIахьал цIализе чиго вачIунищ библиотекалде?**

ВачIуна. Гьединаздаса ккола школалъул цIалдохъаби, чIахIияб ригьалъул гIадамалги камуларо.

Рахьдал мацIалда хурхарал тадбиралги мех-мехалъ гьарула нижеца.

Гьенисанго дун ана, жакъа къоялда рахьдал мацIалъул бугеб къиматалъул цIехезе, Болъихь №1 гьоркьохъеб школалъул мугIалим ПатIимат Рамазановалъухъе ва гьелъиеги кьуна цо чанго суал.

**ПатIимат, чан сон бугеб дур школалда авар мацIалъул дарсал кьолелдаса?**

1979 соналъ ДГУялъул филологияб факультетги (РДО) лъугIизабун ячIана дун гьаб школалде хIалтIизе. Гьелдаса нахъеги анаха 41 сон.

**Гьира бугебищха лъималазул авар мацIалде?**

ЦIалуде гьира бугел лъимал цIалула. Байбихьул классазде рачIарал лъималазул цIалуде гьира бижизаби гIемерисеб бараб букIуна эбел-инсуда. Рокъоб эбел-инсуца магIарул мацIалде кIвар кьурал лъималазул цIалуде рокьи бижинабизе учителасеги бигьаяб букIуна. Гьанжесел лъимал ккола компьютералъул, смартфоналъул гIелалъул лъимал. Кодоб смартфон кьуни, лъагIел бачIеб лъимералъецин цоги щибниги жо къваригIунаро. Смартфонги цебе рехун, жиндирго ишалде юссун эбелги йикIуней йиго. Мультикалги, батIи-батIиял хIаялги рихьулел лъималазул цIалулел тIахьаздехун интересги букIунеб гьечIо. Цебе гIадин художественниял тIахьалги цIалулел гьечIо гьез.

Нилъер гара-чIвари магIарул мацIалъул хIакъалъулъ бугелъул, лъималазе цIализе магIарул асаразул тIахьалги гьечIо библиотеказда яги тукабазда. Гьебни щиб, школалда цIалул тIахьал гIолел гьечIо. Гьелъ захIмалъула класстун къватIибехунисеб хIалтIи бачинеги.

**Кинаб хIалалда бугеб жакъа магIарул мацIалъул хIал?**

Расги лъикIаб хIалалда гьечIо. Гьеб киназдаго бихьулебги буго. Берда цебе тIагIинехъин буго рахьдал мацI. ГIалимзабаз бихьизабулеб буго, гьаб хIалалда мацIалдехун бербалагьи бугони, 50 сонидаса хварал мацIазде гьорлъе ккезе бегьулин гIисинал мацIал. ГIалимзабаз-антропологаз тIагIарал мацIал чIаго гьарулел, лъазарулел руго. Гьанибго абила ХIамзатил Расулил рагIабиги:

**Хварал мацIал руго чIаго гьарулел**
**Нилъеца чIагояб чIвалеб буго гьаб...**

**Сундуе хIажат бугеб рахьдал мацI, бокьилаан духъан гьеб суалалъе жаваб щвезе?**

Рахьдал мацI. Жибго рагIабазул дандраялъго бицунеб буго эбелалъул рахьалда цадахъ нилъеда рагIулеб, нилъеца бицунеб мацI гьеб букIин. Рахьдал мацI буго сундулго аслу. МацI гьечIони, гьечIо гIадатал, мукъсанлъула культура (маданият), тIагIуна адабият (литература) хисула инсанасул гIамал-хасият. Гьеб киналъго рачуна миллат тIагIиналде. Нилъер халкъазул буго бечедаб тарих, адабият, кIалзул гьунаралъул асарал. Гьеб кинабго тIагIине рес буго. ЦохIо школалда кьураб анкьил цо-цо сагIаталъ лъималазул мацIалдеги адабияталдеги рокьи бижизабизе мугIалимасул рес букIунаро.

**Цо-цо умумуца абулеб буго жидее ва жидер лъималазе рахьдал мацI хIажат гьечIин. Дуца щибилан абулеб гьелде?**

Жакъа нилъеда гьоркьор руго рокъор жидерго лъималазда гIурус мацIалъ гьуронн гаргадулаел эбел-эмен, кIудаэбел ва кIудаэмен. Дун гIурус мацIалда данде чIарай гIадан гуро. Гьеб кибго къваригIуна. Гьеб буго миллатазда гьоркьосеб, нилъее дунял рагьулеб, нилъер гIумру бигьалъизабулеб мацI. Гьеб лъачIого кидаго хутIуларо. ЛъачIого хутIула, гьитIинго малъичIони, рахьдал мацI. Гьеб лъачIониги, жидер лъимал тIадеги цIодорал, церетIурал лъугьунел ругин кколел улбулги руго.

Цоги, нилъер районалда магIарул мацI гуребги, руго росаби жидерго хасал мацIалгIандадерил, балъхъадерил, гьодоберисезул, кIаралазул мацIал рицунел. Школалда малъулеб буго авар мацI жидее рахьдал мацI кколарин, гьеб лъазабичIониги, жидеда жидерго мацI лъараб гIолин чIчIаралги руго эбел-эмен. Гьеб битIараб гьечIо. Кидаго, нус-нус соназ бол мацI бицунаан нилъер росабалъ. МагIарул мацI лъаларев чиги вукIунароан, гьеб чияр мацI бугин киданиги ракIалдеги кколароан нилъер росабалъ. Кицабиги, бицанкIабиги, гьабулеб кечIги магIарул мацIалда букIунаан.

**Жакъа, хIатта, росабазул къватIазда дандчIвалел гIолилаз гIурус мацI бицунеб рагIулеб буго. Гьеб кколарищ рахьдал мацIал хун унел ругин абураб жо. Щай нилъ гьелде ккун ругел?**

Гьеб унти цо нилъер росабалъ гуребги, кибго буго. Садикалдасанго рачIунел руго лъимал гIурус мацI бицун. Берцин бихьулеб буго эбел-инсуда, гьолго смартфоналги, гьолго мультикалги. Гьелъул нилъеца тIадехун бицана. Нилъер авар мацI бичIчIинеги, бицинеги лъачIолъи гьеб нилъго суризарилъун, рогьолъун рикIкIуна. Къварилъизе, пашманлъизе бачIуна. Щай нужеца нилъерго бицунаребин нилъер мацI цогидаб мацIалдаса къурабищ бугеб абун гьикъани, жидее гьадин бигьаяб бугин абулеб буго, лъаларин абулеб буго лъималазда гIайибги кин гьабилеб?!

Авар мацIалъул анкьида жаниф кIиго дарсида гурони рагIулеб гьечIо авар калам.

**Кинал нухал дуда рихьулел мацI цIунун хутIиялъе?**

ТIоцебесеб иргаялда, рокъоб эбел-инсуца малъизе ккола, бицине ккола авар мацI. Эбел-инсуца бицунеб мацI лъимазе бицуна.

Школалда рахьдал мацIалъул дарсазе кьезе ккола гIураб къадаралда сагIтал. Учителасул букIине ккола гьира, хIалтIизаризе ккола батIи-батIияи методал.

Миллияб мацIалда хIалтIизе ккола радио ва телевидение.

Авар театр ва гьелъул артистал хIалтIизе ккола авар мацIалда, щвезе ккола районазде, рихьизаризе ккола лъималазе театрал.

МацIалъул, педагогиялъул гIалимзаби хIалтIизе ккола рахьдал мацIалъул тIахьазда, ай методикалда тIад.

ХIакимзаби, хIалтIухъаби кIалъазе ккола бацIцIадаб литературиияб мацIалда.

**Рахьдал мацIалъул мугIалим хIисабалдаги, миллаталъулги мацIалъулги ургъел бугеб магIарулай хIисабалдаги дидаго ракIалда ккола мун ятилин авар адабияталъулгун щулияб бухьен бугей гIадан. Бокьилаан бицани лъил тIахьаз дуе хасаб асар гьабулебали?**

Унго-унгоги, дие рокьула авар адабияталъул асарал цIализе. Нилъер адабият цIакъ бечедаб ва гьваридаб буго. ЦохIо ХIамзатил Расул гIеларищ дунялалдаго Дагъистаналъул цIар рагIизабурав. Дица цIалула нилъерго классикал Расулил, ХIамзатил асарал, чIалгIунаро ХIамзатил пьесаби, Муса МухIамадовасул къисаби.

Цо дагьаб цебе цIалана МухIамад ХIамзаевасул "Шамил" абураб тIехь. ЦIакъ кIудияб асар гьабуна нилъер бахIарчияв имамасул хIакъалъулъ хъвараб тIехьалъ.

Рокьула кучIдул цIализе, лъикIал, магIна бугел. Гьединал руго гьабсагIаталда Залму Батировалъул кучIдул, "КIодол малъиял". КечI-школалда инсценировка гьабун лъунги букIана нижеца анкьабилеб классалда.

ГьабсагIаталъ цIалулеб буго МухIамад БисавгIалиевасул республикаялъул хIукуматалъул премиялъе бихьизабун бугеб тIехь "Балъгояб тетрадь".(харбал).

Гьеб бахъула "ХIакъикъат" газеталда.

**ГIемерал мугIалимзабазул махщел букIуна жидецаго шигIраби хъвазе дур ругищ гьедин рижарал жугьаби? Ратанани бокьилаан цIализе.**

КучIдул гьаризе Аллагьас къураб гьунар букIине ккола. Унго-унгоял кучIдулха. Цо кинаб бугониги лъугьа-бахъиналде гьарурал. Гьадинго дирго рекIелгьеялъе хъварал жал руго. Дица гьел къватIире рахъуларо, дунго шагIирлъунги рикIкIунаро.

**Ахиралдаги щиб абизе бокьилаан дуе магIарулазде?**

Нилъеца нилъерго лъималазухъе кьезе ккола умумузухъа нилъехъе щвараб лъикIабщинаб: гIамалги гIадатги, тарихги, мацIги. Дагъабги камил гьабун, цIикIкIинабун гьеб гIумруялде бахъинабизе, унго-унгояв магIарулаллъун бачIунеб гIел куцазе тавпикъги сахлъиги кьеги магIарулазе.

**Баркала ПатIимат, пайдаяб гара-чIвариялъухъ.**

**Гара-чIвари гьабуна**
**З. КъурамухIамадовалъ**

# РахIму-цIобалъулаб акция «Эбелалъул ракI»

Болъихъ бугеб рахIму-цIобалъул «Инсан» абураб фондалъул филиалалъ «Детская улыбка» абураб фондгун цадахъ лъугьун дагьал церегIан къояз бесдал лъималазул ва сахълъи сахъатал лъималазул улбузе гIуцIун букIана тадбир.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Амир Салмановас, районалъул имамзабазул Советалъул председатель АхIмад Къурбановас, АнсалтIа росдал мажгиталъул имам МухIамадкамил ХIажиевас «Детская улыбка» фондалъул нухмалъулей Карина Камилиеваль ва гь.ц. Тадбир бачана ГIайшат МухIамадоваль.

Улбузул бугеб къиматалъулги, исламалъ гьезие кьолеб кIодолъиялъулги бицун кIалъазе рахъана диниял церехъаби.

АнсалтIа росдал имам МухIамадкамил ХIажиев

Ас-саламу гIалайкум, хIурматиял улбул. Лъидаго лъала эбел-инсуе адаб-хIурмат гьабун гьеб лъихъаго бажарулареблъи.

Хирияв ХIабибасул хIадисги буго: «Мугъалда жидер эбел-эмен раччулел ругониги, эбелалда цебе бугеб налъи бецIизе наслабазда кIоларо» абун. Нилъеца Аллагьасе рецц гьабизе ккола гьезухъ. Аллагьас баракатаб гIумру кьеги нужее.

Районалъул имам АхIмад Къурбанов



Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис буго, эбел-эмен гьечIого, бесдал хутIарал лъималазул тIалаб тIаде босарав чиги живги цадахъ вукIинила алжаналда жанив»,-абун.

Хириял яцал, улбул, нуж нужго гуро ругел, нужеда нахъ руго нужер ургъел гьабулел нужер диналъул вацал. Жакъа гьадинаб байрамалдалъун нужер ракIал рохизаризе нижеда бажарун батани, гьеб нижеегь кIудияб рохел буго. Гьаб тадбиралъе сабаблъун ккаразеги кIудияб баркала буго. ГIадамазе лъикIлъиялъе сабаблъун ккарав инсанасе щукру гьабуларев чияс Аллагьасеги рецц гьабуларилан абула. Аллагьас жиндирго сабабал батIи-батIиял гIадамалги гьоркьор ккун щвезарула.

Жакъа гьал рахIматал нилъехъе щвеялъе сабаблъун ккарал киназего баркала. Аллагьас гьадинаб къоялъ гурони нилъ данде гьаругеги.

Карина Камилиева



Дун цIакъ йохарай йиго гьадинаб тадбир гIуцIиялъулъ гIахьаллъизе рес щвеялдаса. Кутакалдаса лъикIаб гIадат буго жал кумекалде ккарал, гIумру бихьарал гIадамазе лъикIал лахIзатал рикьизе тадбирал гIуцIиги, кIвараб кумек гьабизе ресал ратиги. Гьелдаго цадахъ дица баркала кьола жидеца спонсорлъи гьабурав щивав чиясе. Гьел ккола Теле-2-ялъул генералияв директор Лабазанов ГIусман, Ля- риба-ялъул вакил Мурад, тIугьдул ричулеб тукадул бетIергьанчIужу, Асият, Мила, Наида, Зумруд, ГIайшат. Баркала киназего нижер ахIиялъе жаваб гьабуралъухъ.

Улбузул рахьалдаса баркала загьир гьабуна

Ма ша Аллагь «Инсан» дуе баркала

Ниж кIодоги гьарун гьанир ахIарал

Кьеги нужей сахлъи, таги нуж рохун,

Рохараб гурони къо бихьугеги.

Гьабулеб ишалъулъ икъбалги кьеги.

Амир Салманов



Салам алейкум, хириял диналъул вацалги яцалги, Аллагьас гьабураб мажлис къабул гьабеги, гIуцIизе кумек гьабуразулги Аллагьас къабул гьабеги.

Баркала буго щивав гьанив гIахьаллъарав чиясе. Заманги батун тIаде рачIарал гьалбадерие, кумек-квербакъи гьабурал Карина Камилиеваль, Теле-2-ялъул генералияв директор Лабазанов ГIусмание, «РайхIан» группаялъе. Аллагьас аза-азариде бахинабеги нужер лъикIлъи.

Тадбир къана районалъул имамас гьабураб дугIаялдалъун.

З. МухIамадова



Рагьараб дарс

# АВАР КАЛАМ-ГIАНДИБ ЦIУНАНА







Рахьдал мацIалъул къо кIодо гьабун районалда тIобитIана рахьдал мацIалъул мугIалимзабазда гьоркьоб конкурс.

Гьеб букIана рахьдал мацIалъул дарсал кьеялъул хIалтIизарулел методазул ва цIалдохъабазе щолеб пайдаялъул хал гьабиялда хурхараб.

Конкурс лъугIана... Классгун хIалтIизеги, батIибатIиял къагIидаби хIалтIизарун дарсал кьезе бугеб гьунар-махщелги бихьизабуна мугIалимзабаз. Гьаруна конкурсалъул хIасилалги. БитIараб бицани, гьел хIасилаз дагьайго гIажаиблъи гьабизеги тIамуна дун. Жидерго хасаб мацIги гIадаталги ругеб ГIанди мухъалъул росабалъ киназдаго гуро магIарул мацI лъалеб, хасго гIун бачIунеб гIелалда. Амма божарай йиго, гьеб конкурсалда тIоцебесеб бакI ккурай, ГIанди №2 гьоркьохъеб школалъул мугIалим Хатимат Болачевалъ дарсал кьолел классазда магIарул мацIги лъаларел, гьелдехун рокьи-цIайги гьечIел цIалдохъаби ратиларин.

Гьединан, тIоцебесеб бакI босана ГIанди росдал №2 гьоркьохъеб школалъул мугIалим Болачева Хатиматица. Шодрода росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим ХIадисова ПатIиматица босана кIиабилеб бакI.

Март моцIалда Республикаялда тIобитIизе бихьизабураб рахьдал мацIалъул конкурсалда гIахьаллъи гьабизе буго Хатиматица.

Бищун лъикI кечI рикIкIунев

# ЦIАЛДОХЪАБАЗДА ГЬОРКЬОБ КЪЕЦ



Районалда чIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIана рахьдал мацIалда кучIдул цIалиялъул рахъалъ "Бищунго лъикI цIалулев" абураб конкурс.
ТIоцебесеб бакI босана АнсалтIа росулъа ГIубайдулаева Мариятица (11 класс), кIиабилеб бакI-РахатIа росулъа Адам МухIамадовас (11 класс), лъабабилеб бакI-ГIортIаколо росулъа МухIамадов ХIажигIалица (11 класс).

КучIдул рикIкIине бугеб махщелалъги, лъималазул ретIа-къаялъги бихьизабулеб букIана гьел конкурсалде кIвар кьун, жавабчилъигун хIадурун рукIин.

Дирго пикруялда, гьединал конкурсалги, рахьдал мацIалда хурхарал цогидал тадбиралги лъагIалида жаниб цохIо 21 февралалда хурхинаричIого, щибаб моцIалда жаниб цо-кIиго нухалъ тIоритIулел рукIаралани нилъерго магIарул мацI цIунун хутIиялъе пайда кIудияб букIунаанин.

Рахьдал мацIазул къо тIобитIана

# ТАДБИРАЗУЛ ЛАХIЗАТАЛ

Рахьдал мацIалда хурхун лъикIал, бечедал тадбирал гIуцIана районалъул киналниги школабазда. Миллияб ретIелги ретIун, рахьдал мацIалда, аваразул гIумру бихьизабурал гьел дарсал, рукIанин абизе бегьула, унго-унголъунги магIарул яхIалъги, намусалъги, берцинлъиялъги чIаго гьаруралльун. Гьел ана Дагъистаналъул телевидениялъги, газеталъги, интернеталдаги халкъалъ кIудияб къиматги кьолаго. Хасс гьарун рихьизаризе рокьун руго гьел дарсазе къучI лъурал школаби. Гьединаздаса ккола РахатIа, Зило, Шодрода, МигIарсо, ГIортIаколо, Кьохъ росабазул гьоркьохъел школаби. Гьенир тIоритIанин абизе бегьула Республикаялъул даражаялда рахарал тадбирал, гьел ккола нилъер чIухIилъунги, щайгурого, нилъер районалда паркъана авар гъанситоялъул цIа.














# Литературияб гъумер



## МагIарулай

*Огь, дир магIарулай мугIрул гIолилай,*
*ГIодоб рехун тоге магIарул гIадат.*
*МугIрузда рекъараб нечараб гьими,*
*Вореха бичуге рухI бахъаниги.*

*Мисаллъун йитIарай, мугIрузул Бика,*
*Бадие юссунге, намусги биххун.*
*ГодекIанги бахун цееса унеӣ,*
*Харбие биччаге чIухIи рилълъиналъ.*

*Эменгун вацазул бетIер къулулеб,*
*КъагIида гьабуге-дир дуй аманат.*
*Ясалда рекъечIеб каламги гьабун,*
*Росу суризейин хиялал лъоге.*

*БотIрода рекъараб гормендоги чIван,*
*ЧIухIи гIодоб рехе, мугIрул гIолилай.*
*Черхалда рекъараб пардавги ретIун,*
*Бохизе гьабея гIагараб тIалъи*

**Асият Шахбанова**

## Дир эбелалде

Дуй бетIер къулула, баркала кьола,
Кьуралда разиго щукру гьабула.
Дица дуй гьарула халатаб гIумру,
ГIазизай, йокьулей, хирияй эбел.

Дуй сахлъи гьарула Алжаналъул тIегь,
Дуца дие кьураб гьаб гIумруялъухъ.
Саназул свераби дуй халалъаги,
КIудияб хазина дир гIумруялъул.

Баркала, хирияй, рогьарал сардахъ,
Кини кIибикIарал бер къапичIого.
Дуй сахлъи ва сабру Аллагьас кьеги,
ЧIаго мун хутIаги нижее нахъа.

**МавлидмухIаммад Расулов,**
**росу Муни.**

## Эбелалъул гьари

Аллагьасда цее накабазда чIчIун,
Квералги цере ккун какикькоялда
Кьойил щуго нухалъ кьотIи гьечIого
Лъимералъе талихI гьарулей эбел.

БитIараб нухдасан лъимер хьущтIилин
РакIалъе лахIзаталъ рахIат толарей,
Зодойги ялагьун ракIалъ кидаго
Лъимералъе алжан гьарулей эбел.

Бакъ багIарарабго хIинкъулей йиго
Жиндир лъимералъе хинлъи цIикIкIилин,
КъватIиб цIорой чIвани соролей йиго
Квачан жиндир лъимер унтизе гурин.

ТIагIамаб квен гьелъул къулчIун унаро
АскIоб гьеб бикьизе лъимер гьечIони,
Рохелги талихIги гьелда лъаларо
Лъимералъул берал пашман ругони.

**Баху ХIайбулаева,**
**Инхело росдал школалъул мугIалим**

## Каранзул цIа

***Мун жиндий кьуралъухъ гьелъ рец гьабуна,***
***Жиндир дарманилан кини кIикIана,***
***КIудияв гIезегIан тIалаб гьабуна,***
***Къаси мун кватIидал гIемер угьдана.***

***"Щиб ккараб? Кин ккараб? Щай мун кватIарав?"-***
***Суалал кьолаго гьей соролана,***
***Жавабал кьечIого рокъов лъугьана,***
***"Дун гьитIинав гьечIин"- кIалъай гьабуна.***

***Керен унтаниги, гьей юцIцIун чIана,***
***Квералъ магIу бацIцIун, дугIа гьабуна.***
***Цинги бальго ячIун тIад юргъан бана,***
***Дудаго лъачIого дуда баана***

***Гьедин заман ана, эбел херлъана,***
***Мунилан абуни кIудияв гIуна,***
***ГIанчIлъи гIемер бугеб гIолохъанлъуда***
***Дуца гьалатI биччан, къадар дуй ккана***

***БукIараб цо рохел гьелъул билана,***
***РухI гьелъул тIагIана цIа каранда лъун,***
***БухIараб магIуца берал ссудана,***
***Сабру жиндир тIагIун лъай босун ана.***

***Гьелъул берзул канлъи ракьулъ тIерхьана,***
***ТIокIалъ вуссинаро, тIад вачIинаро,***
***Квал базе щвеларо, берги чIваларо***
***ЧIван бекун бортана эбелалъул ракI***

***Божилъи гьечIого васасул хвалде***
***Гордухъа ялагьун эбел чIун йиго,***
***"Щиб ккараб? Кин ккараб? Щай мун кватIулев?"***
***Гьелъий жаваб кьечIо, рокъов лъугьичIо...***

***Гьанже гьелъул бетIер тIубан хьахIлъана***
***ТIубанго бецлъана, берзул нур свана.***
***ТIадеги херлъана, якьван тIагIана,***
***Вас араб нухалде гьейги яхъана***

**Мадлен МухIамадова**

**Дагъистан Республикаялъул телевидениялъул магIарул мацIалда передача бачуней тележурналист, Дагъистаналъул халкъияй бахIарчIужу, Болъихъ районалъул Шодрода росулъа Хатимат МухIамадовалде**

Дагъистан халкъалъул-бахIарчIужуян
Жиндие цIар щварай тIадмагIарулай
Мун щвечIеб бакI гьечIо Дагъистаналда,
МагIарул росаби ва кули-мархъу.

ГьечIо мун яхинчIел мугIрул-щобалги
Гьалагал гIоразул рагIаллъабиги
КъулгIадухъ гIеретIгун лъел цIолейги мун,
Щвар чIвалей кIодогун хабаралда мун,

Школалда дарсихъ гIенеккунги мун,
ГьечIого гIоларей насихIатчIужу
Щибаб музеялда гьоболлъухъги мун.
магIарулаз жиндир хIурмат гьабулей

Сахал гIадамазда гьоркьой рекъарай.
РоцIцIараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъ
Дуца махщалида цIалулел кучIдуз
Пайдаял харбаца, хинал рагIабаз

РакIазе роххалил асар гьабула.
Мун релълъун яхъуна доб АхIул гохIда
ГIашилтIа росулъа-Ханзадай-абун
Жинда цIар букIарай магIарулалда.

Дур доб иргадулал передачаби
Бихьизе хIалакун-къоял рикIкIунел
Кидал тIаде щолеб?-хамиз къойилан
Ралагьун рукIуна ниж магIарулал!

Хассаб хаслъи буго дур рагIабазулъ
ГIинтIамун ругезул чорхолъ рессулел
Щивас гьираялда къабул гьарулел
Заман бахъаниги кIочон толарел.

МагIарул гIадатал, мацIги цIунизе
Гъеж гурун хIалтIулей, хIалхьи лъаларей
Кьеги дуе сахлъи, халатаб гIумру
Роххел камугеги дур азбаралда!!!

**ТIалхIат Ахъбердиев,**
**Гьизилюрт шагьар, Россиялъул журналистазул ва хьвадарухъабазул союзазул член, захIматалъул ветеран.**

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов
Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
З.КъурамухIамадова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев
Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова
Дизайнер
С. Камилова

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефон:*
*Директорасул*
*8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -600 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103


# СогIаб къисматалъе къуличIо эбел

СогIаб къисматалъе къуличIо эбел ГIалахъ росулъа Хадижатил гIумру, бищунго завалаб гIужалда къисматалъул гIужикье ккана. Вокьулев росги камун бесдалго хутIарал анлъго лъимералъул цIоб тIаде ккана гIолохъанай гIаданалде. Жибго тIабигIаталъ берцинлъиги, беричлъиги къураб, росдал гIадатияй ясалъул рекIееги хасиятаб букIана хIеренлъиги, недегьлъиги. СогIаб къисматалъе къуличIого, магIарул гIаданалъ гъуждул гурана лъималазе лъикIаб тарбияги, тIадегIанаб лъайги лъидасаро нахъе ккезе течIого кьезе. Цо лахIзаталъгицин биччалароан гьелъ, дун сваканин абураб пикру. СогIлъиги, къвакIиги лъалареб хIеренаб чIужугIаданалъул ракI циндаго лъугьана ккараб бакIалда, къвакIараб, кколеб бакIалда хIеренаб бахIарчияб гIамалалъулги хасияталъулги гьанситолъун.

Узухъда, кутакалдаса захIмат букIуна чIужугIаданалъе жинцаго цохIо тарбиялъулги, магIишаталъулги рукь цIазе. Амма гьеб захIмалъиялъе къуркьизе Хадижатица течIо тIоцебесеб иргаялда жийго, хадур жиндирго лъималги. Куцана цIалуде, гIадамазде, гIелмуялде рокьи бугеллъун. Куцана росдал гIадаталги, чIахIиязул адаб-хъатирги цIунараллъун. Куцана тIаде босараб иш ракIбацIцIадго тIубалеллъун. Узухъда, киназдаго лъала, хIанчIие боржине ккани кIиго кваркьи хIажалъулеблъи. Лъимералъе гьел- эбелги эменги. Цо-цо нилъеда дандчIвала кIиябго рахъалъ хъаравуллъи ккуниги мекъаб ишаль руцарал, яхI-намус биларалги. Амма камуларо цохIо эбелалъул балагьиялда хIакъикъияб тарбиялъул вакилзаби кинигин кинабниги рахъалъа церетIурал мисалиял лъималги. Гьеле гьединал ругин абизе бегьула Хадижатил лъимал.

Гьелъул кIудияй яс Азильбикаца цIалун лъугIизабуна ДГУялъул филологическияб факультет. ХIалтIулей йиго МахIачхъалаялда 30-абилеб лицеялда. КIиабилей яс Гъазиратица лъугIизабуна ДГУялъул математикаялъул факультет. ХIалтIулей йиго ГIалхъадерил гъутаналда бугеб школалда. Хадусей яс Зайнабица лъугIизабуна ДГУялъул биологиялъул факультет, хIалтIулей йиго гьебго кафедраялда кIудияй лабаранткалъун.

МухIамадмансурица лъугIизабуна ДГИНХ-хIалтIулев вуго предприятиялда. Расулица-ДГУялъул математикаялъул факультет, хIалтIулев вуго МахIачхъалаялда №7 лицеялда. Сайгидулаги вуго ДГУялъул математикаялъул факультеталда лъабабилеб курсалда цIалулев.

Гьеле эбелалъул тIалабалъул тIадегIанаб борхалъи. Умумузул аби буго: «Эбел камун хутIугеги» абураб. Аллагьас щибаб наслу талихIаблъун гьабеги рахIматлъун эбелги-эменги кьун.

*Мугъ чIвазе бакI гьечIеб, хIуби бекараб*
*Къисмат иманалда къабул гьабуна.*
*Ургъелги бухIиги рекIелъги бахчун*
*Лъималазе рокьи гьарзаго кьуна.*

**З. МухIамадова.**



# ЦIвабзазул кунчIилъун ккола руччаби

Жакъа, ай щуабилеб марталъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана микьабилеб марталда хурхун данделъи.

Гьенир ракIарун рукIана учреждениязулгун организациязул руччаби.

Руслан ХIамзатовас данделъи байбихьана руччабазда 8 Март баркиялдаса.

Гьес баркигун кIодо гьарун баркала кьуна киналго руччабазе, улбузе, яцазе, кIудаэбелазе ва ясалазе.

-РакI-ракIалъ баркула нужеда киназдаго 8 Март, гьарула нужее щулияб сахлъи ва халатаб рохалилаб гIумру. Баркала нужее нужер рахIат гьечIел сардазухъ, нужеца гьабулеб хIалтIухъ, хинаб квеналъухъги бацIцIадаб рукъалъухъги ва гьеб кинабго гьабизе нужер гIолеб сабруялъухъги. Гьединго гьес баркала кьуна коронавирусалъул заманаялъ хIалтIарал руччабазе.

Гьединго баркиялъулаб кIалъай гьабуна депутатазул райсобраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаровас. Гьес баркигун баркала загьир гьабуна киналго руччабазе, гьарана сахлъигун халатаб гIумру. Ва гьес гьединго абуна щивав бихьинчиясда аскIор рахъун чIун ругин руччаби, гьел ккола эбел, чIужу, яц. Гьезда бараб бугин инсанасе щолеб тарбияги, гIумруялъулъ гьес кколеб бакIги,- ян абун

Баркала нужее нужер сабруялъухъ, нужеца гьабулеб хIалтIухъ, кьейги къуват нужее нужер




хIалтIулъ.

Баркигун цеве вахъана Болъихъ росдал администрациялъул бетIер ГъазимухIамад НурмухIамадовги. Гьес киназдаго баркана тIаде щвараб 8 Март ва гьарана гьезиегун хъизан-рукъалъе ва лъималазе щулияб сахлъигун рохел ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

КIалъазе цеве вахъана Болъихъ ЦРБялъул нухмалъулев МухIамад Запиров.

-Баркала улбузе, яцалазе, чIужабазе, воспитательзабигун учительзабазе, больницаялъул киналго руччабазе, гьарула нужее киназего талихI, рохалилаб ва берцинаб гIумру.

КЦСОНалъул нухмалъулев Сейдула МухIамадовасги баркана руччабазда ихдалил байрам.

-Дие бокьун буго нужеда баркизе 8 Март. Нуж мустахIикъал руго жакъа гуребги, даимго кIодо гьаризе. Нижеца нужер гьабула къойил адабги хIурматги. Баркала нужее киназего.

Тадбиралъул ахиралда, районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас грамотабигун сайгъатал кьуна гьенир гIахьаллъи гьабурал киналго руччабазе.

Гьеб тадбир берцин гьабуна машгьурал кочIохъаби Муртуз Дербишевас ва ГIали МухIамадовас ахIарал кучIдуз.

**З. КъурамухIамадова.**